



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D  
Biwo Sipèéntandan an



4 Mas 2020

Boujou Paran, Gadyen, ak Siveyan,

Kòm ou okouran, genyen rapò ki bay nan denye nouvèl yo konsènan Koronavirus la. Sante, sekirite, ak byennèt kominate lekòl nou an se pi gwo priyorté Konsèy Depatman Edikasyon an, administrasyon, pwofesè, ak anplwaye/estaf yo nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan. Distri a gen règleman anplas pou adrese byennèt tout elèv yo ak anplwaye yo. Règleman 8451 an adrese kontwòl maladi kontajye yo. Kòm yon distri, nou ap siveye alèt yo nan Depatman Edikasyon New Jersey a, Depatman Sante New Jersey a, ak Sant pou Kontwòl Maladi yo. Akòz travay medya yo ki gen rapò avèk Koronavirus la (KOVID-19), nou te kominiye avèk Depatman Sante nan Konte a ansanm avèk Depatman Sante Vil la ak Sipèéntandan Konte a pou nou kapab diskite ki meyè pratik nou kapak itilize pou konbat maladi kontajye yo ak devlope yon plan nan ka ke nou ta ekspoze a virus la.

Yo te voye nouvo enfòmasyon konsènan maladi kontajye yo bay distri yo nan tout eta a, espesyalman sou rapò ki konsène Koronavirus la (KOVID-19). Distri nou an toujou pran mezi preventif menm plis pandan sezon fredi a ak sezon grip la. Nou p'ap sèlman kontinye pratik aktyèl nou yo, men anplis de sa, nou ogmante mezi dezenfektan nou yo dapre direktiv CDC yo. Pou tout rezon sa yo, ogmante mezi gen ladan yo, men yo pa limite a: dezenfektetout salklas, biwo, koulwa, manch pòt, zòn preparasyon manje je yo, gwo netwayaj nan sifas moun ap touche yo epi dezenfekte yo tanzantan. Mwen ta renmen ajoute ke tout enfimyè lekòl yo te voye komunikasyon bay pèsonèl/estaf yo konsènan mezi preventif pandan sezon grip la ak sezon fredi a. Pandan reyinyon fakilte yo, enfimyè yo ap kontinye repepe enpòtans prevansyon yo ansanm ak modèl fason korèk pou lave men. Li obligatwa/enperatif pou nou kontinye edike kòmsadwa.

Koronavirus la (COVID-19) se yon maladi respiratwa ki ka gaye de yon moun a yon lòt. Sistèm yo ka soti nan modere pou vin nan pi grav, tankou yon fredi, ki gen ladann etènye, konjesyon, gratèl, ak lafayèv. Pi bon fason pou anpeche KOVID-19 la, ak grip la se nan pran mezi preventif. Nou mande ke ou kapab ede nou nan mezi pwoaktif sa yoki anba a konsènan sitiayson an pou nou kapab kontinye asire sante ak sekirite:

- Evite touche nen ou, bouch ou, ak je ou otan ke posib
- Kouvri tous ou ak etènye ou avèk yon tisi oswa koud bra ou, men se pa avèk men ou
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Sèvi ak yon dezenfektan men ki gen alkòl omwen 60% alkòl si savon an ak dlo a pa disponib (savon ak dlo se mezi ke yo rekòmande)
- Evite kontak ak moun ki malad
- Ale pran ptit ou a nan lespas 30 minit si yo jije ke li malad tankou jan enfimyè lekòl la espesifye'l
- Rapòte bay lekòl la si ou planifye pou vwayaje aletranje panda plizyè pwochen mwa k'ap vini yo (sa ka pèmèt nou kòm yon distri pou nou kapab pwoaktif olye ke nou reyaktif)
- 

Mwen vle di ou mèsi pou sipò kontinyèl ou nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange. Ankò, nou pran angajman pou pwoteje sante ak sekirite tout moun nan kominate a ki antre nan pòt nou yo. Sou sit entènèt Distri a ([www.orange.k12.nj.us](http://www.orange.k12.nj.us)), nou afiche (Anba Nouvèl ak Anons Distri a) enfòmasyon ki pi resan ki gen rapò ak Koronavirus la ansanm ak mezi preventif yo. Nou pral kontinye mete ajou sit entènèt distri a kòmsadwa tou otan ke nou gen plis enfòmasyon k'ap vini disponib.

Pou plis enfòmasyon, nou ankouraje w vizite Sit Entènèt/Wèb Depatman Sante New Jersey a:

[https://www.state.nj.health/ed/topics/covid2019\\_resources.shtml](https://www.state.nj.health/ed/topics/covid2019_resources.shtml)

Se Moun Pa w la nan Edikasyon,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipèéntandan Lekòl yo